ada memakai guna-guna,

ada memakai santet
karena tergila kepada raja.
Remuk-redam hati si perawan

kasmaran kepada sang raja.
Tak tersebut mereka itu,
250. Tingkah orang dalam keraton.
Arkian sang raja muda,

lama-lama kemudian
prabu anom jadi raja,
bertahta di singgasana kencana

di hadap para menteri.
Sang raja berkata halus,
251. "Paman Patih, aku mau
memberikan dana kepada
fakir-miskin.
Buatkan bangsal besar,
di jalan tempatnya
agar lengkap dengan sajian
selama empat bulan;
dan lagi aku menghendaki,
252. Aku beri gambar lukisan,
yang dilukis ikhwal orang hina

yang digambarkan di situ."
Sang patih rada takut,
mematuhi perintah sang raja.

Kemudian patih
memerintahakan
membuat bangsal yang bagus.
249. *Sawneh nganggo hikmat,
hana nganggo reke pengasih-
hasih,
weneh desti depun hadu,
dening hedan hing sang nata,
suh rempuh raganing histrip
uniku,
kasmaran maring sang nata,
tan kawarna denireki.*
250. *Polahe wong dalem pura,
kawuwusan sang nata hanom
malih,
ya ta lami laminipun,
prabu anom dadi raja,
halinggiha hing sina saka mas
murub,
pnareki para matrya,
sang nata ngandika haris.*
251. *Bapa patih karsaningwang,
mlebu dana hing sakwehing
fakir miskin,
hagwya bangsal agung,
ing dadalan reke ika,
den ramapta lan sasajenaniku,
sajroning petang candra,
lawan malik wesa mami.*
252. *Sun weha gambar kraras,
kang ginambar tingkahe wong
hina teki,
ginambaraken mangkeku,
sira patih awot sekar,
amintuhu sahandikane sang
prabu,
dadya patih apengaran,
akarya bangsal nulya asrin.*

- *)253. Tak tertuturkan lama
pembuatannya
karena lajunya ceritera ini.
Sang bangsal pun jadilah,
sudah diberi lukisan indah.
Seluruh tingkahnya dahulu
dilukis,
diungkapkan dalam gambar
ketika menyeberang
sungai besar
ditenggelamkan ke air oleh
sang brahmana dahulu itu.
254. Tatkala Jowarsah
mati dahulu lalu dihidupkan,
itu pun sudah dilukisnya,
dinaikkan dalam gambar
ketika menyeberang
sungai besar
ditenggelamkan ke air
oleh si brahmana dahulu itu.
255. Sudah selesai semuanya
naik gambar, prabu anom
berkata,
"Dengarkan Patih
Mangkukedaton,
bila ada orang di banjar
penasaran dengan lukisan
lalu pingsan;
bila ia memegang gambarku,
tangkaplah orang itu!
256. Akan kubunuh ia nanti
bagaimana pun rupa manusia
itu!"
Si patih menyembah,
"Baiklah seperti kata Tuanku."
Setelah semuanya selesai,

253. *Tan kawarna laminya wang,
saking glis carita kang winarni,
punang bangsal dadi sampun,
wus sinungan gambar pelag,
sapolahe ing kina ginambar
sampun,
dan unggunnaken ika,
duk anabrang uni hing
bangawan agung,
pinelokaken jawah,
dening brahmana ing nguni.*
254. *Tatkananira Jowarsah,
kang mati ika uni kang ingurip,
punika ginambar sampun,
den hungguhaken hika,
duk hanabrang huni ning
bangawan hagung,
pinelokaken jawah,
dening brahmana hing nguni.*
255. *Sampun dados sama daya,
mungguh gambar prabu anom
ngandika aris,
hiki patih mangku kedaton,
yen rapta ing banjar,
barangta maring gambar tur
kapati iku,
yen anyekel gambar ingwang,
cekelena denireki.*
256. *Sun patenana benjang,
sarepa-rupane reke
kang janmi,
sira patih nembah matur,
singgih sandika sang nata,
risampunira mangkana
winuwus,*

*) pupuh 253 ini lebih barisnya.

yang melihat lukisan
laki wanita semuanya datang.

257. Janda, perjaka dan perawan,
besar kecil, bangsal sesak
berjejal.
Semua asyik melihat
keindahan gambar, begitu
menawan,
yang melihat tak ingin pulang.

Semua orang yang lewat,
orang kota dan luar kota.

258. Ada yang mencari istrinya;
separuhnya lupa anaknya,

ada yang lupa suaminya
tidur di bangsal itu
siang malam melihat
lukisan indah
jatuh kasmaran
Dangdang Gendis.

Dangdang Gendis

259. Kita tinggalkan kisah si raja
baru.
Tersebutlah Ki Tahil Jowarsah
mendapat rahmat Tuhan,
sudah keluar dari air
berjalan lesu tanpa menoleh,
menyusuri tepi bengawan
jalan lurus.
Bila tiba waktu sembahyang,
berdoa
kepada Tuhan Penguasa Alam
karena sekarang dalam
kesengsaraan.

kang nonton gambar kawarna,
lanang wadon sami prapti.

257. Rangda ulanjar parawana,
gede cili bangsal sesak
atindih,
pada kasmaran andulu,
warnane gambar tulya
ngraras,
sing tumingal tan arsa mulih
sedayeku,
sakatahe wong kang liwat,
wong dalem miwah wong jawi.

258. Sing agulati rabinya,
kang saweneh lali maring
anakneki,
weneh lali ing lakinipun,
amondok ing bangsal ika,
siang dalu tan pegat nonton
gambar nglangut,
sakwehi ika mulat,
kasmaran Dangdang Gendis.

Dangdang Gendis

259. Hnengakena kang jumeneng
aji,
kawarnaha,
Ki Tahil Jowarsah,
antuk ramat ing Hyang
mangke,
wus mentas saking banyu,
lampahira mandeg tan anolih,
anurut pinggiring toya,
lampahira andarung,
yen dateng waktu asalat,
aneneda,
maring Hyang amurbeng bumi,
tan sah mangke karuna.

260. Selama ia berpisah,
tak pernah ia makan,
hanya puji doa jadi
makanannya.

Hanya dia (Sinarah Ulan)
yang tampak siang malam.
Sekarang saatnya hidup
sengsara terlunta-lunta.
Sudah sampai dua bulan
lamanya,
berjalan siang dan malam
tak menghiraukan
mara-bahaya.

261. Tubuhnya tinggal tulang dan
kulit,
tinggal tulang
dan kulit pembalut.
Tak menghiraukan tempat
angker,
terus mencari jalan
di mana gerangan tempatnya,
"Dinda, hamba ikut!
Bila engkau mati dindaku,
jangan busuk dahulu;
bila engkau masih hidup
semoga kita berjumpa.

262. Tahil Jowarsah melihat
si nagagini
sedang asyik bercengkrama
dengan si ular pantai,
dilihatnya asyik saling bergelut.
Ki Jowarsah heran melihat
tak masuk akal
si ular pantai itu
karena mereka tak sebangsa.
Si ular laut

260. *Salami apisah apeki,
noranana dahar,
amung puji lan baktine,*

*amung sariranipun,
mangke katesan pisah,
sangsayang anglangut,*

*wus jangkep kalih candra,
laminira,
lumampah rahina wengi,
tan ketung pringgabaya.*

261. *Sarirane kari balung lan kulit,*

*kari gatra,
kalawan kocita,
tan ketang durgameku,*

*anglati marga kapati,
ing ngendi para nira,
yayi ingsun milu,
yen sira yayi palatra,
aja bantuan,
yen sira maksih urip,
moga pangghakena.*

262. *Tahil Jowarsah mangke
ningali,*

*nagagini,
pan lagi akrama,
lawan ulan kish reke,
garjita atindiha andulu,
Ki Jowarsah gawok ningali,
denira tanpangrasa,
ulah kishin iku,
pa dudu sesamaneka,
ulah kishin,*

telah berbuat celaka,
tak mau melepas pelukannya.

263. Kemudian ditebas si ular
pantai
menjadi tiga
putus sudah,
matilah ia.
Terpotong ekornya
berlarilah si nagagini.
Anaknya ditinggalkannya,
sambil berteriak-teriak,
"manusia jahat
berbuat celaka,
terimalah pembalasanku!
Aku akan segera kembali!

264. Akan kulaporkan kepada
suamiku
bahwa kau
telah memedang aku
dan anakku kau bunuh.
Aku tak terima itu!
Nah, tunggulah aku!"
Lalu ia cepat berlari,
sambil menangis meratap.
Sudah sampai di dasar samudra,
Antaboga
melihat istrinya
datang sambil menangis.

265. Antaboga bertanya pada
istrinya,
"Kenapa begini
Dinda menangis?"
Sang naga putri menjawab,
"Bunuh sajalah aku!
Tak ada sebab dosaku,
ada manusia terlalu jahat
tiba-tiba membatat.

*sadi gawe nira iki,
dan pisah datan arsa.*

263. *Dan pinedang ulah sin,

dadi tiga,
tugele puniku,
sampun mati sira reke,
keni tugel wuntutipun,
pan melayu sang naga geni,
anak kipun den tinggal
sarwi angucap asruh,
manusia kaliwat ala,
sudi gawe,
lah ya sandangan mangkin,
pan insun bali penggal.*

264. *Sun warah maring laki mami,

lamon sira,
ambang maring ngwang,
lan anak pinaten mangke,
langkung tan suka tengsun,
lah antenen manira iki,
aglis nulya malayua,
sarwya nangis asruh,
wus prapta ing dasar toya,
Antaboga,
tuminggaling garwaneki,
prapta sambil karuna.*

265. *Antaboga ataken i rabi,

paran marga,
yayi akaruna,
sang Nagagini sawure,
patenana katengsun,
noranana karana mami,
manusia kaliwat ala,
teka mara mupun,*

Hamba sangat ketakutan,
lalu aku
berlari dan dikejakannya,
dibacok dengan pedangnya
ekorku.

266. Anakmu Pak diambilnya.
Ia kutinggalkan
karena hamba takut
akan dibacok pedangnya."
Sang antaboga naik pitam,
mukanya merah bagai keluar
api,
sangat murkanya.
Sambil berteriak,
"Di mana si manusia itu!"
Sambil berangkat,
keluar dari dalam air
berlari menuju daratan.

267. Melihat selatan barat
tak tampak;
melihat ke timur,
sekarang tampak olehnya
si manusia sedang duduk
sambil ia memangku
anak si naga putri;
dipangku dan didendangkan,
dibujuk dan dipeluknya.
Berkat kuasa Allah Pengasih,

sangatlah kasihnya
Antaboga di belakangnya,
pupus segala murkanya.

268. Karena berkat Tuhan
Mahakasih,
Antaboga
melihat Jowarsah
berbelas asih di hatinya.

*ajrih manira kaliwat,
nulya ingsun,
malayu depun turuti,
den pedang buntut ingwang.*

266. *Anak ira kaki dan ambili,
pan sun tilar,
saking ajrih ingwang,
dene arep pedang reke,
sang Antaboga bendu,
wadana bang lwir metu geni,*

*langkung brahmantyanira,
sarwi ngucap asruh,
aneng endi kang manusia,
sarwya mangkat,
medal saking jroning warin,
melayu saking darat.*

267. *Mulat kidul kulon
tannamanggih,
mulat wetan,
mangke katingalan,
manusia alinggih reke,
sarwi sira mamangku,
anak ira sang naga gini,
pinangku den kukundang,
dan aras pinekul,
saking pramaning Hyang
Suksma,
langkung sihe,
Antaboga aneng uri,
ilang brahmantyanira sira.*

268. *Saking pramaning Hyang
sipat asih,
Antaboga,
andulu Jowarsah,
kawlas asih ung hatine,*

Lalu bicara dalam kalbu,
 "Bila jahat manusia ini,
 masa ia berbaik
 kepada anak-ku."

Sang Antaboga berkata,
 "Hai makhluk manusia,
 apa ikhwalmu ini
 memegang anakku?"

269. Terkejut Jowarsah menjawab,

"Wahai sang naga,
 Tuan tidak tahu.
 Aku bukan orang jahat.
 Sekarang, kuceritakan anda.
 Istrimu berbuat tak senonoh
 dengan si ular darat.
 Sudah kumatikan ia,
 nagagini terpotong,
 ekornya
 lalu cepat berlari;
 anaknya ditinggalkannya."

270. Antaboga keras berkata,
 "mana dia sekarang
 mayatnya?"

Aku ingin membuktikannya!"
 Sudah ditunjukkan
 bangkai si ular daratan,
 sangat murka ia.
 Si Antaboga melihat,
 merasa berhutang budi,
 kepada manusia.
 Kemudian tanyanya lembut
 kepada si Tahil Jowarsah,

271. "Aku terima segalanya
 karena engkau
 bersaudara sejati.
 Aku tak akan melupakannya,

*ya ta micareng kalbu,
 lamun ala manusia iki,
 masa ta ambecika,
 maring anak ingsun,
 sang Antaboga ngucap,
 reh manusia,
 apa karananira iki,
 anyekal anak ingwang.*

269. *Ya tak kaget Jowarsah
 anawuri,*

*eh sang naga,
 sira nora wikan,
 nora ingsun ala reke,
 mangke ingsun stutur,
 rabinira lampah tan yukti,
 lan ulah kisin ikan,
 sun pateni sampun,
 nagagini katandesan,
 buntutipun,
 anulya malayu aglis,
 anak ipun den tilar.*

270. *Antaboga asrun sira angling,
 endi mangke,
 babatange ika,*

*ingsun arep uruh mangke,
 wus tinuduhan sampun,
 wangke nira sang ulah kisin,
 liwat brahmantyanira,
 Antaboga andulu,
 angrasa kapiutangan,
 ing manusia,
 dan mangkya ling ira amanis,
 maring Tahil Jowarsah.*

271. *Sakalangkung atarima kami,
 dene sira,
 tuhu asasanak,
 ingsun nora lali mangke,*

sangat senang hatiku.
 Aku akui saudara sejati
 di dunia sampai akherat.
 Aku memohon kepada Tuhan,
 bila engkau terlibat
 peperangan,
 inilah Dik
 batu komala kesaktianku
 tancapkan di tanah.

*kaliwat bagyan ingsun,
 sun aku sanak sejati,
 ing dunya tekeng akherat,
 sun tede Hyang agung,
 yen sira manggih paprangan,*

*iki yayi,
 komala kasukten mami,
 tancubinana ing umah.*

272. Mukjizatnya akan keluar air
 lalu tenggelam
 sejagat buana."
 Berganti ia menggendong
 putranya,
 "Adi, tinggallah engkau.
 Semoga Adik selalu waspada
 jangan sampai lalai
 bila kita telah berpisah."
 Sudah pulang di Antaboga,
 Ki Jowarsah,
 ditinggal dan menangis ia
 merasa sayang akan Antaboga.

272. *Mujisate ya ta medal warin,
 nulya meneng,
 sajagat buwana,
 ginanti ngembah putrane,*

*yayi kantun bagus,
 poma yayi den yatna ugi,
 aja kurang wiwika,
 ing sapungkur ingsun,
 wus mulih sang Antaboga,
 Ki Jowarsah,
 tinilar kari anangis,
 kangening Antaboga.*

273. Kemudian berjalanlah ia
 di tepi kali
 menelusuri tepi bengawan.
 Suara margasatwa bersahutan,
 singa barong dan monyet,
 gajah, macan mengaum,
 onta, keledai, macan tutul
 kijang, kancil besar,
 banteng gunung, dan siamang
 memberitahukan,
 saudaranya yang di jalan
 agar waspada akan bahaya.

273. *Ya ta malih lumampun sireki,
 pinggiring toya,
 anutting bangawan,
 akatah umwang swarane,
 singa barong lawan senuk,
 gajah warak ika angerik,
 onta kalde lan macan,
 kidang kancil agung,
 banteng pawaka kasyang-
 syangan,
 pangidepe,
 rencangira aneng margi,
 nyadiyahaken rencana.*

274. Tahil Jowarsah berjalan terus,
 di dalam doanya
 semoga berjumpa
 dengan sang istri
 oleh Tuhan Yang Mahatinggi.
 "Janganlah engkau matikan,
 hamba berjumpa sekejap
 dengan istriku."
 Sekira tiga hari
 di perjalanan,
 sampai ia ke tempat batas
 di tepi pedesaan.
275. Semakin cepat ia berjalan,
 Tahil Jowarsah
 sudah sampai di desa.
 Orang desa ditanyai,
 "Negeri apakah ini,
 siapa nama rajanya?"
 Menjawab yang ditanya,
 "Negeri ini
 bernama Betalsah;
 Prabu Anom
 yang menjadi raja,
 tampan tak ada samanya."
276. Ki Jowarsah berjalan terus
 mengikuti jalan,
 jalannya tergesa-gesa;
 lemah-lesu tubuhnya
 tak mampu ia berjalan.
 Lalu ia bertemu balai
 pameran.
 Jowarsah duduk,
 tersentak mereka yang melihat;
 semua heran,
 disangkanya setan hantu,
 semua keheranan.
274. *Tahil Jowarsah lampahe
 lumaris,
 ingusike,
 moga panggihena,
 lawan rabinipun mangke,
 dening Hyang maha luhur,
 sampun tuan ika mjahi,
 hamba panggih sekdap,
 lawan rabiningsun,
 aywatara tigang dina,
 aneng marga,
 anedungkap ing tepi siring,
 pinggiring padedesan.*
275. *Sayan lepas lampahe lumaris,
 Tahil Jowarsah,
 prapteng padedesan,
 swarga marga ataken,
 negara paran iku,
 lan arane ature iki,
 mojar kang tinakenana,
 negara puniku,
 wastane negara Betalsah,
 prabu Anom,
 reke kang jumeneng aji,
 bagus tanana pada.*
276. *Ki Jowarsah lampahe lumaris,
 anut marga,
 lampahe katingwang,
 alesuh mangke ragane,
 tan kawasa lumaku,
 ya ta sira mangke amanggih,
 bale pancara nyaka,
 Jowarsah alungguh,
 garjita reke ing mulat,
 samya gawok,
 sinenggih setan memedi,
 sami engeng sedaya.*

Sinom

277. Apa saja yang diucapkan itu jadi sebutan mereka, setan lawean macam-macam, yang lain menjawab, "Bukan setan, bukan jin, karena manusia jua ia. Mari kuperiksa ia, wajahnya halus bagus," sang lurah berucap sambil membentak.
278. Orang banyak berucap, "Ayo persilahkan ia duduk, silahkan duduk semua!" Setelah duduk semua, lalu disuruh mereka untuk makan, tapi tak mau. Tahil Jowarsah memperhatikan gambar. Ia terpaku bisu
lalu ia jatuh ke bumi,
pingsan.
279. Setelah sadar dari pingsannya, ia menangis sedih, sambil mendekati gambar mau menggamit lukisan. Lalu ia diringkus. Jowarsah diborgol, cepat dibawa kepada raja. Ki patih berhatur kepada baginda.
280. Sang nata berucap tenang, "Paman besok ia kubunuh bila sudah gemuk si orang ini; Tak baik dibunuh sekarang,

Sinom

277. *Sawneh ing kaucap,
punika kang den arandin,
setan lawyan punika,
kang sawneh anawuri,
dudu setan lan hejin,
pan manusia reke hiku,
sun awasaken mangko,
wadanane lemi becik,
lulurahe angucap sarwi
hambetas.*
278. *Wong batur pada angucap,
teka sungguhena linggih,
lah durus pada linggih,
wus samya pada linggih,
ya tak denakon iki,
dena bukti datan payun,
Tahil Jowarsah mulat,
hing gambar mneng tan
pangling,
ya ta nibaning lemah nuolya
kantaka.*
279. *Salilire denya kantaka,
halara denya hanangis,
sarwi hamaraning gambar,
harsa anyekel gambar glis,
hanulya cinekel sampun,
Jowarsah dinandanan,
haglis haturing narpati,
sira patih amatur dateng
sang nata.*
280. *Sang nata haris ngandika,
bapa besuk sun pateni,
yan sampun lemu wong, ika,
tan arus pateni mangkin,*

pada orang kurus ini,
tulang-belulanginya keluar.
Bila nanti sudah gemuk,
nanti aku membunuhnya."
"Baik Tuan," hatur sang patih.

*dene wong kurus hika,
babalunge pada metu,
yen wus lemu wong ika,
hingsun patenana benjing,
sira patih umatur singgih
sanandika.*

281. Sang raja berucap lagi,
"Paman Patih bawalah cepat
ke taman belakang.
Siapkan makan secukupnya,
mandikan, dan kenyangkan ia."
Setelah demikian,
tersebut orang dalam keraton
bergunjing sambil tertawa.

281. *Sang nata malih ngandika,
bapa patih gawanen maglih,
maring taman papungkurana,
dan karaksa papangananeki,
lunga baboreh dan tuwuk,
ri sampunika mangkana,
kocapa wong dalem pura,
hatuturanan gumucywa lalatah-
latah.*

282. "Apa gunanya sang prabu
berbaik pada si kurus ceking
memelihara hidupnya.
Pastilah ia cacangan
karena ia ceking,
tulanginya mau keluar
tertahan jangatnya.
Jijik kita melihatnya,
tak urung si orang itu mati
modar."

282. *Gawe hapa den sang nata,
dana hing wong kurus aking,
haduduh yang huripa,
pasti hanunusan teki,
dene hakurus haking,
babalunge pada metu,
kalalar lote hika,
handulu saleking hati,
nora hurung wong hika hamati
modar.*

283. Tak disebutkan lamanya,
Jowarsah berada di situ,
sangat baik peliharaannya,
sekehendaknya dituruti,
karena haruman bedak wangi,
menyandang keris luk,
kupiah dihias permata,
bercelana cinde hijau,
ikat dada jingga bersulam mas
kencana.

283. *Tan kawarna laminira,
Jowarsah hana lingireki,
kalangkung hingupa suka,
sakarepe den turuti,
gagandan mrebuk minging,
hanungkeli keris lut,
kopyah bubungkul ratna,
hacalana acinde wilis,
kampuh jingga tinaretesi mas
mulia.*

284. Bila dilihat tampangnya,
seperti dewa turun ke bumi.
Ketampanannya tak
berbanding,
mata si Tahil indah,
pemandangannya sahdu,
lehernya tunas gadung,
tak tertolak bandingan,
lirikannya pandan hanyut,
siapa melihat termangu
keheranan.

285. Semua yang memandang
terpaku, termangu, membisu,
ada yang lupa suami anaknya,
ada yang lupa hartanya,
tak urus makan
karena sangat asyiknya.
Lupa akan dirinya,
tak putusnya mereka datang,
siang-malam datang
berjejal-jejal.

286. Janda, perjaka, dan perawan,
besar-kecil semua datang
dari tapal batas dan desa,
mereka membawa bekal,
juga buah-buahan, pisang,
sirih-pinang.
Ramai di belakang keraton,
saling tumpang paha mereka,
ada yang berbicara dengan
temannya,

287. "Bila si raja membuangnya,
aku akan memeliharanya.
Berbeda dengan waktu datang,
rupanya tak bertolak banding,
malahan tak makan ia.

284. *Yen dinulu warnanira,
kadya dewa darat singgih,
pkike tan patandingan,*

*Tahil netrane amanis,
tingale mandra kingis,
tenggeknya alugid gandung,
tan ana sumandingan,
hulate pandan kasilir,
sing tumingal leng leng mangu
kagawokan.*

285. *Sakatahing tumingal,
leng leng mangu tan knangling,
weneh lali laki suta,
weneh lali rejaneki,
tan ketang panganeki,
dening kabrangta kalangkung,
prandene tan krasa,
tanana pgate prapti,
siang dalu prapta tindih
awurahan.*

286. *Rangda hulanjar parawana,
gede cilik sami prapti,
tepi siring padedesan,
mwah woh-wohan teki,
gdang saruh jambe tumpuk,
rame hing papungkuran,
hatindih pupu nireki,
hang kang wong ngucap saro-
wangira.*

287. *Yen sang nata hambuanga,
ingsun harep hanggaduni,
beda duk wahune prapta,
rupane datan patanding,
malah nora hambukti,*

Sekarang rasa hatiku,
 biar ia punya hutang,
 si kurus ini akan kutebus,
 tak perduli uang banyak
 kuhabiskan.

288. Tak tertuturkan tingkahnya.
 Tersebutlah sekarang orang
 putri,
 bertanya kepada si emban,
 "Hai Ibu, coba lihatkan
 sahabat sang prabu."
 Si emban berhatur sembah,
 "Ratu, hamba sudah lihat
 rupa si kurus dulu itu,
 bila dilihat seperti tak mampu
 duduk.
289. Tadi hamba melihatnya.
 Heran hamba luar biasa,
 rupanya sangat tampan,
 Sedunia tak berbanding,
 seperti kembar dengan
 sang raja.
 Pantas menjadi saudara
 sang prabu,
 keelokannya sama juga."
 Sang putri berkata lembut,
 "Bila demikian, Ibu aku ingin
 melihat.
290. Nah ayolah cepat Bu,
 kadung si raja lagi sidang."
 Sang putri cepat berjalan,
 bersama ibu pengasuhnya,
 sahayanya ikut semua.
 Sudah sampai di taman
 belakang,
 mereka semua mengintip,

*mangke rasan hatiningsun,
 yadyan handuwe hutang,
 ki kurus hingsun tebusi,
 nora ketang harta hakeh ingsun
 buwang.*

288. *Tan kawarna polahira,
 kocapa mangke sang putri,
 hatakening punang emban,
 heh biang wruhanireki,
 kakasihe sang aji,
 embane anembah matur,
 ratu kawula wikan,
 warnane ki kurus uni,
 yen tumingal kaya muksah
 palinggyan.*
289. *Wau kawula haninggal,
 gegentun hamba tan sipi,
 warnane bagus kaliwat,
 yayah tanana tumanding,
 lwir kembar sang lan aji,
 pantes dulure sang prabu,
 pekik pan sama huga,
 sang sputuri ngandikaris,
 yen mangkana byang hingsun
 harsa wikan.*
290. *Lah payu byang denenggal,
 mungpung sang nata tinangkil,
 sang putri glis lumampah,
 sareng hembanya neki,
 pamongan samya ngiring,
 prapteng pupungkuran
 sampun,
 samia angintip sira,*

Jowarsah sedang menulis.
Semua yang melihat jatuh hati.

*Jowarsah lagia nunulis,
sakehe kang mulat samya
kasmaran.*

291. Sang putri lalu melihat,
agak tergoda ia melihat,
karena tampannya
Ki Jowarsah,
mengalahkan sang raja.
Lalu ia tak mau pulang,
si emban berkata marah,
"Bagaimana nanti hamba ini,
pasti aku akan dibunuh.
Ayolah pulang masuk kepuri."

*291. Sang putri nulya tumingal,
smu kasmaran ningali,
hing bagus sira Jowarsah,
hapan sor sri narapati,
dadaya tan arsa mulih,
ni Emban aturira asruh,
dadi punapa hamba,
tan wangde hamba ngmasi,
daweg mantuk humanjing
maring pura.*

292. Sang putri menjawab,
"Aku tak hendak pulang."
Ni emban berhaturl perlahan,
"Bila Tuan berbuat begini,
tak urung mati kita semua.
Bila demikian, ayolah pulang."

*292. Sang putri aris ngandika,
nora hingsun hayun mulih,
Ni Emban humatur halon,
yen handika mangkaneki,
nora wangdeya mangkin,
yan mangkana lah payu mulih
sadaya.*

293. Sang putri berucap,
"Betapa tingkahku ini.
Ibu aku sedang
kecewa sebagai wanita.
Sayang rupa yang bagus,
sekarang ada yang lebih
tampan."
Sang putri tiba di puri,
masuk kamar tidur,
tak tersebut kisah si orang jatuh
cinta.

*293. Sang putri lunga handika,
kayangapa hingsun hiki,
byang halagya hinong,
nora jaya hing pawestri,
haman rupane peki,
mangke hana lewih bagus,
sang putri prapteng pura,
mungganing dalem haguling,
nengakena kocap sang mangun
kasmaran.*

Asmarandana

294. Sang raja selesai bersidang,
sudah masuk ke dalam puri,
para abdi mengiringi.
Tiba lalu duduk dengan
istrinya.
Sang raja berkata,
disuruhnya mengantar sajian,
"Ayolah kalian ke taman
belakang."
295. Para abdi keluar istana
menghaturkan bawaan mereka
kepada Si Jowarsah.
Itulah yang dimakannya
dari sang prabu,
Jowarsah mendapat makanan,
sangat berterima kasih kepada
raja.
296. Jowarsah pun makanlah,
setelah selesai makan itu,
sajian sudah dimakannya;
makanan si Jowarsah,
diserahkan kepada raja
kemudian dimakan sri baginda,
sisa makanan Jowarsah itu.
297. Sri baginda berkata halus,
"Adinda mas ayolah makan,
bersama kakanda."
Kemudian putri pun makan
sisa makanan Jowarsah,
sang putri berkata perlahan,
"Apa kehendak Tuan?"
298. Apa hubungan sebenarnya
antara si kurus dengan Tuan?"
Sang nata berkata lembut,
"Itu adalah saudaraku,

Asmarandana

294. *Sang nata bubar tinangkil,
wus malebu hing jro pura,
pawongan hangiring mangko,
prapti linggih lawan garwa,

sang nata aris ngandika,
hakenana hamundut,
daweg aneng pupungkuran.*
295. *Parekan miyosing jawi,
hangaturi pupundutan,
datenge Jowarsah reko,
punika handika dahar,
saking sri nara nata,
Jowarsah haneda nuhun,
langkung nunun sin sang nata.*
296. *Jowarsah hatahar teki,
sampuna tutug hadahar,
hambeng wus ingalap reko,
patedanira Jowarsah,
hingaturaken nenggal,
ya ta dahar sangaulun,
patedanira Jowarsah.*
297. *Sri bupati ngandika aris,
ratu mas daweg hadahar,
sareng lan pun kakang mangko,
ya ta sang putri dahar,
patedane Jowarsah,
sang putri halon umatur,
punapa kalingan tuan.*
298. *Kapernah punapa hiki,
pun kurus lawan punika,
sang nata ngandika halon,
hiku sadulur manira,*

temanku menghadapi bahaya."
Sang putri berkata di hati,
"Sebab aku makan sisanya.

299. Kuanggap ia sendiri
ketampanannya tak
bertanding."
Sang raja berucap,
"Adinda belum pernah keluar.
Adinda mungkin tak tahu,
bila tuan melihatnya,
tampannya tak bertolak
banding."

300. Setelah selesai makan,
turunlah sang malam.
Sudah naik di peraduan,
sang putri mendesak suaminya,
"Apa yang Kanda tunggu lagi?
Saudara kanda sudah tiba,
ayo penuhilah janjimu.

301. Ayo penuhilah janjimu itu!
Hampir sampai di
Jambulwan*),
belum juga dilaksanakan
karena untuk hiburan
mencari lelaki lain.
Percuma bersuami tampan,
tak mampu menunjukkan
lelakinya.

302. Tuan bilang aku masih kecil,
nanti dinda jadi sakit.
Sekarang aku sudah besar,
apa mau Tuan kuladeni?
Nyatanya sekarang pun tidak,
Tuan buanglah aku
bila memang Tuan tak sudi.

*rowang sun manggih baya,
sang putri micareng kalbu,
marmane dahar patedan.*

299. *Den hidep hipun sejati,
pekike tan patandingan.*

*Sang nata ngandika halon,
yayi dereng haneng jaba,
punika diri nora wikan,
yen sira ningali hiku,
bagus datan patandingan.*

300. *Sampurnya tutug bukti,
kasaputing dalu sira,
wus munggah maring paturon,
sang putri muraling garwa,
pangeran nganti hapa,
wus prapta sanakira.
sampun tutuging smaya.*

301. *Wuwusen to den smayani,
meh prapta hing Jambuwan,

durung hana laksanakan,
karuan hangur lelega,
hatena laki lyan,
kampirana laki bagus,
nora jaya hing wanita.*

302. *Pangandikane duk alit,
manwi ngandika graha,
mangke hamba sampun gede,
sakarape wus kasandi,
prandine manke nora,
pangeran buangan insun,
yen tuan danat tan arsa.*

*) Jambulwan adalah sebuah kiasan yang artinya "sudah sampai batas janji".

303. Sang raja tersenyum di hati,
"Pantas ia sebal padaku.
Baiklah kukatakan saja,
si raja mau mendekati."
istrinya dicumbunya,
"Mas mirah juwitaku,
mas intan kekasih hatiku.
304. Diamlah sayang Dindaku.
Bunga indah di kedaton."
Perlahan dipeluknya istrinya,
digelutnya di tempat tidur,
"Tak urung wahai kekasihku,
kita akan menyatu tubuh,
sayangku sabarlah dahulu.
305. Kanda bertemu dahulu
dengan si adik saudaraku itu.
Tunggulah semalam saja!"
Setelah itu, lalu tidur
segera ditinggalkannya,
cepat-cepat si raja keluar
sampai di taman belakang.
306. Sahaya disuruh ikut.
Tahil Jowarsah melihat,
berpikir dalam hatinya,
"Raja pasti akan membunuhku.
Itu sebab ia datang
tersebab si putri tadi
telah mengintip aku."
307. Jowarsah memberi hormat
di hadapan sang raja.
lalu berhatur sembah,
Baginda raja berjongkok
mendahului ia menyembah,
lalu berlari memeluk.
Terperanjat si Tahil Jowarsah.
303. *Sang nata mesem ing ati,
pantes lamun mangkana,
pan ingsun haturin hage,
harsa mereki sang nata,
garwane den prarepan,
mas mirah juwitangsun,
hinten gustine pun kaki.*
304. *Mnenge mirah kang adi,
kusuma adi di draha,
halon den sambut garwane,
hingumbanging pagulingan,
nora wangde pangeran,
hatekan hapulang lulut,
mirah depun sabar huga.*
305. *Pan kakang hapanggin dimin,
lawan yayi ulur hingwang,
hantenen sawengi bae,
was mangkana nulya nidra,
haglis mangke tinar,
sang nata humijil asrun,
prapteng kubon pupungkur.*
306. *Pawongan hakeh hangiring,
Tahil Jowarsah tumingal,
hanggrahita ning hatine,
sang nata mateni ri ngwang,
karanane prapta hika,
dene sang putri ring wahu,
hikang hangintip manira.*
307. *Jowarsah medek tumulin,
hing ngarsanira sang nata,
hayun nanembah karsane,
sang nata nulya srun ngandap,
handihin ya hanemban,
nulya malajong nangrangkul,
garjita Tahil Jowarsah.*

308. Saling pandang keduanya,
teringat, lalu pingsan
bersama duduk.
Kemudian, berpeluk-pelukan,
berkata Sinarah Ulan,
"Kekasihku, aku telah datang,
tak kusangka akan bersua."
309. Menjawab si Jowarsah,
"Sayangku aku pun demikian
tak kuduka bisa bertemu;
berkeliling merambah bumi,
namun tiada berjumpa,
Hampir aku menemui ajal,
tapi masih dilindungi Tuhan.
310. Prabu Sinarah Ulan berkata,
"Kanda ayolah ke istana,
duduk di kursi kerajaan
memerintah negeri ini."
Kemudian masuk ke istana,
setelah sampai duduk bersama.
Sang raja lalu berkata.
311. Istrinya segera diberi tahu,
Adinda Tuan ketemuan,"
lalu bersandinglah istrinya.
Kemudian keluarlah sajian,
juga makanan kudapan;
bersama makan ketiganya.
Terpana semua yang
menyaksikan.
312. Prabu Sarah Ulan berucap,
"Maukah Tuanku kawin
dengan kekasihku sekarang?"
Sang ayu diam rada geram,

"Adinda belum mengerti."
308. *Nulya pareng haninggali,
hemut kantaka haniba,
sareng lungu sakarone,
pekul pinekulan sira,
mojar Sinarah Ulan,
pangeran hamba marengsun,
nora nya papanggya.*
309. *Jowarsah hika nawuri,
mirahpun kakang mangkana,
nora nyana panggih mangko,
midra jajah buana,
prandene tan kapendak,
meh prapta kantakan insun,
dene maksih pramaning
Hyang.*
310. *Prabu Sinarah Ulan hangling
kakang daweg maring wisma,
halinggih haneng kadaton,
hamarentah kang nagara,
yata malibung pura,
wus rawuh sareng hakengguh,
sang nata haris ngandika.*
311. *Garwane haris dene sungi,
ratu handike dayowan,
nulya samanding garwane,
ya ta prapta dadaharan,
miwah kang nyanyamikan,
samya dahar wong tetelu,
lengleng sakeni tumingal.*
312. *Prabu Sarah Ulan hangling,
yayi handika yun krama,
lawan gustiningsun mangko,
sang dyah meneng hasmu
merang,
ratu mas dereng wikan,*

Inilah Dinda suamiku sebab
Kanda ini aslinya wanita.

*hiki yayi lakining sun,
pun kakang hiki wanodya.*

313. Adapun susuku,
dan rambutku wahai Dinda,
sudah kutitipkan sekarang
di pohon randu itu."
Menghening cipta, lalu datang
payudara dan rambutnya.
heran yang melihatnya.

313. *Hana dene susu mami,
lawan yayi rambut ningwang,
hingsuntitipena mangko,
ning kayu cangkrim punika,
cinipta nulya prapta,
punika susu lawan rambut,
gawok sakehing tumingal.*

314. Putri Betalsah memperhatikan.
Jowarsah heran melihat
istrinya sangat sakti.
Lagi pula, wanita cantik,
sang ayu berbicara di hati,
Selamanya kekasihku,
tak tahu kalau ia wanita.

314. *Putri Betalsah ningali,
Jowarsah gawok tumingal,
Kalengkung sakti rabine,
malih manodya hapelag,
sang Dyah micareng nala,
Salawase gustining sun,
tau wuruh yen lamon
wanodya.*

315. Itu sebabnya tempo hari,
minta ingin raba-raba saja;
bila dipeluk ia menjauh,
tak mau digerayangi;
bila kuajak bersatu badan,
ia pura-pura sakit,
badannya panas menggigil.

315. *Karana reke hinguni,
hangreran kukur kukuran,
yen kinekep nulya hadoh,
nora naweh ginurayang,
yen Sun hajak hangaras,
tan wangde lagi srang teku,
ragane sigarga hayam.*

316. Jowarsah berkatalah,
"Kasihlah awakku ini,
berkeliling menjelajahi bumi,
gua, dan gunung; kucari,
hampir tiba ajalku,
disangka orang tak waras."

316. *Jowarsah ngandika haris,
katuwane hawak ningwang,
midra jajah buana,
gua gunung sun jajah,
meh prapta kantakan ingsun,
sanenggen kabaya-bayan.*

317. Sinarah Ulan menjawab,
"Pangeran kekasihku,
ikrar Tuan mencintaiku.
Hamba juga demikian; pula
mengalami malapetaka,

317. *Sinarah Ulan nawuri,
paneran gusti kawula,
lah satya aneda sihe,
Kawula reke mangkana,
hanandangpala cidra,*

selalu diliput kerinduan
mengharap datangnya
kebahagiaan.

*tan sah sun hangening
huyung,
mukti reke suka wirya.*

318. Karena hamba disuruh
sekarang,
disuruh menjadi raja
dan sudah diserahkan semua
seluruh isi keraton,
juga putri sri baginda.
Negara Betalsah ini
sudah diserahkan kepada
hamba.

318. *Pan hakawula mangkin,
handika jumeneng nata,
mapan sampun kaserah kabeh,
sahisining dalem pura,
muah putri sang nata,
negara hing betal hiku,
wus kaserah mara hing
hamba.*

319. Sebab si putri ini,
dahulu sudah dijanjikan sudah
kuhidupkan lagi.
Itu sebabnya diserahkan."
Jowarsah berkata,
"Benarlah seperti itu,
seperti ceritamu itu sayang."

319. *Karena reke sang putri,
hing kina punika linge,
wus den huripen mangko,
punika margane kasrah,
Jowarsah angandika,
hapened kadya puniku,
kaya hujarira mirah.*

Dangdang

320. Kita tinggalkan kisahnya di
malam ini.
Arkian
pada pagi harinya,
berkata Sinarah Ulan,
Kanda silahkan Tuanku
menghadap Sri Paduka Raja.
"Hamba akan sampaikan Tuan
sudah sampai."
Segera mereka pun berangkat
menghadap ayahandanya,
Sang Ayu Betalsah di belakang
bersama Sinarah Ulan.

Dangdang

320. *Nengakena mangke punang
latri,
kang kocapa,
reke punang henjang,
Sinarah Ulan hature,
kakang daweg pukulun,
marek dateng sri narapati,
hamba hatur huninga,
yen hika wus rawuh,
haglis sami nulya kesah,
marek rama,
Sang Dyah Betalsah hing huri,
lawan Sinarah Ulan.*

321. Raja Agung, di depannya

budak cebol
menabuh gamelan.
Semua berkuncir.
Anak wanita di depan
kanan kiri diapit selir
didampingi para abdi,
ada di belakangnya.
Sudah tiba di hadapan ayahnya,
Dewi Ratna,
mendahului masuk segera.

322. Sri baginda dijumpainya

duduk,
Melihat
bila sang putri datang,
lalu turun memeluk,
"Berbahagialah Anakku,
Ayah sangat rindu padamu."
Dewi Ratna menyembah,
berhatur pada sang raja,
Putera tuanku tiba
mengunjungi."
Dewi Sinaarah Ulan duduk
dengan suaminya itu.

323. Sang prabu berkata,

"Mana suaminya,
ni Sinarah Ulan?"
"Ampun itulah suaminya,"
Sinarah Ulan berhatur,
"Hamba sesungguhnya
seorang wanita.
Sekarang ini telah datang
suami hamba itu."
"Tampan elok rupa
Sri Baginda,
lalu berkatalah,
"Nah panggulkan ia segera!"

321. Raja peni munggowang

*hayuneki,
rare cebol,
hanabuh sadaya,
samya hakukuncir reke,
rere wandaning hayun,
kanan kiri ngapeting slir,
hinggayaping pawongan,
munggweng hurinipun,
sampun prapta dateng rama,
Dewi Ratna,
Hingarsa malebu glis.*

322. Sri bupati kapanggih

*halinggih,
haningali,
yen kang putra prapta,
tumurun hangrangkul reke,
bageya hana ingsun
langkung kangen si bapa hiki,
Dewi Ratna hanembah,
matur ring sang prabu,
putra jeng handika prapta,
hangunjunegi,
Dewi Sinarah Ulan linggih,
lawan kakunge linga.*

323. Sri Narendra hangandika,

*para kakunge,
Ni Sinarah Ulan,
singgih punika kakunge,
Sinarah Ulan matur,
hamba hakemba
reke pawestri,
mangko punika prapta,
laki hamba iku,
baguse kaliwat liwat,
Sri Bupati,
reke hangandika haris,
lah undangan den henggal.*

324. Ki Jowarsah berhaturlah,
di hadapan,
sang paduka raja.
Sudah sampai di hadapannya,
sang prabu berkata halus,
"Nah katakan anakku.
Coba ananda ceritakan!
Ayahanda ingin tahu,
asal mulanya; bagaimana
anakku,
bisa beralih tubuh,
ayah ingin mengetahuinya.

325. Sinarah Ulan berhatu manis,
"Inilah Tuanku
suami hamba itu.
Dahulu kami berpisah."
Lalu diceritakan ihwalnya
ketika menyeberangi sungai,
dan meminta minum di balai.
Semua sudah dituturkan,
sangat heran mereka
semuanya.
Seluruh yang mendengar
cerita,
juga sang baginda.

326. Sri baginda diam tak berucap,

sangat iba
beliau tak terkatakan.
Sinarah Ulan berkata,
"Hamba haturkan Tuanku,
Bila Tuan tidak keberatan,
sekarang putri tuanku
Dewi Ratna itu,
kumohon kepada Tuan.
Sekarang hamba
perjodohkan dia
dengan suami hamba."

324. *Ki Jowarsah hingatur haris,
maring harsa,
nira Sri Narendra,
mara prapta hing ngarsane,
sang prabu ngandika halus,
lah lingira putra ngong kaki,
nyawa tutur hakna,
pun rama yun weruh,
mulane kadya punapa,
putraningsun,
lah kalih surwaka hugi,
bapa hayun huninga.*

325. *Sinarah Ulan hature hamanis,
hinggi puniki,
mangke laki hamba,
duk ring kina pisah reke,
den tutur pola hipun,
duk hanabrang reke ring kali,
lan hanginumung pura,
sami wus tinutur,
langkung samya kagawokan,
sakatahe,
sakehe kang miarsa hing
pawirti,
mwah reke sang nata.*

326. *Sri bupati meneng tan
hangling,
langkung gegetun,
nira pan kaliwat,
Sinarah Ulan hature,
hamba matur pukulun,
yan sawawi kersa sang aji,
singgih putra sang nata,
Dewi Ratna hiku,
kawulanda sang nata,
mang ke hamba,
pangguhakena reke singgih,
mwah reke sang nata.*

327. Berkatalah sang raja,
"Anakku itu,
baiklah sekehendakmu.
Ayahanda mengikuti maumu,
segeralah dinikahkan."
Dan terkisahkan
 perkawinannya,
dan juga harta benda
sangat banyaknya.
Setelah demikian itu,
Tahil Jowarsah,
sudah lama menjadi raja
di negara Betalsah.
328. Cukup dan murah
 bahan-pangan
sangat berkecukupan,
di negara itu.
Kini, tak ada kedukaan,
adil dan makmur luar biasa.
Dana darma kepada fakir
 miskin,
juga kepada si hina-nista,
dan para janda miskin
yang menderita
 menjadi senang.
Si hina nista,
menjadi orang kaya,
menjadi rakyat pada sang raja.
329. Tak terkisahkan si raja.

Ada lagi
sambungan ceriteranya
di Negeri Sahelsah.
Konon sangatkah kacaunya,
Raja Sahelsah hilang,
adiknya tak putus menangis
siang dan malam;
327. *Sri bupati hangandika haris,
hanakingwang,
lah sakersanira,
pun bapa hatumut mangke,
sigrah hanikah sampun,
tan kawrna panikan'h neki,*
- miwah kang raja brana,
lintang hagung hipun,
risampunira mangkana,
Tahil Jowarsah,
wus lama jumeneng aji,
hing nagara Betalsah.*
328. *Kerta murah sarwa kang
 binukti,
langkung kerta,
reke kang nagara,
tanana duka ciptane,
hadil merta kalangkung,
dana darma hing pakir miskin,*
- mwah hing hina nista,
lan kasyan sampun,
kang priyatin dadi suka,*
- hina nista,
dadi kasugihaneki,
hangahuleng sang nata.*
329. *Tan kawarna kang jumeeneng
 aji,
wenten reke,
gentineng carita,
hing desa Sahalsah reke,
kalangkung horeghipun,
raja Sahalsah hilang kang rahi,
tan pgat hakaruna,
siyang lawan dalu,*

tak mau makan dan tidur.
Amat sangat
sakitnya sang raja,
hampir sampai ajalnya.

330. Semua menteri yang hilang
dahulu
disuruh pergi
mencari Jowarsah.
Semua menteri pergi semua,
tetapi tiada bertemu
berapa bulan lamanya,
sang raja sangat kesal,
hampir beliau wafat
mau meninggalkan
kekuasaannya
mau pergi,
tetapi banyak yang menahan,
menteri, dan para pendeta.
331. Lalu sakitlah sang raja
karena kesalnya,
sangat parah sakitnya.
Tersebut pula kisah
si Jowarsah mendengar warta
dari si orang musafir,
terperanjat hatinya.
Besok sang raja akan
bertandang,
lengkap semua
menteri, punggawa, bupati,
berbaris di balairung.
332. Raja Jowarsah berkata,
"Paman patih,
apa yang paman ketahui
warta dari orang luar."
Raja Sahelsah sangatlah,
susahnya, paman patih

*tan kena bukti hanidra,
lintang sanget,
hagrah Sri Narapati,
yayah tekeng hantaka.*

330. *Sakweh mantri kang hilang
huni,
kinen lunga,
hanglati Jowarsah,
sakweh mantri lunga kabeh,
hanging norana katemu,
pirang wulan lamanireki,
sang nata langkung brangta,
meh sira halampus,
harsa tilar kawibawa,
ayun kesah,
hanging hakeh hangaturi,
mantri para pandita.*
331. *Denya sakit reke sri bupati,
hagentunan,
kalangkung raho reke,
wenten reke winuwus,
Ki Jowarsah hamyarsa werti,
saking kawula jaba,
garjita hatinipun,
henjang sang nata sineba,
pepek kabeh,
mantri punggawa bupati,
gelar ring panangkilan.*
332. *Raja Jowarsah hangandika
haris,
bapa patih,
weruh paran sira,
wartane wong jaba reke,
raja Sahalsah kalangkung,
horegi pun patih sayakti,*

berhatur sambil menyembah,
"Ampun Tuanku Baginda,
si nakhoda sudah tiba
memberi khabar.

Memang benar, Tuanku,
sakitnya Raja Sahalsah."

333. "Bila demikian, siapkanlah
segera, hari besok,
sebab aku bermaksud
pergi ke Sahalsah.
Aku mau menjenguk.
Sang patih, segeralah
mempersiapkan lasykarnya,
bende pun ditabuh."
Sudah lengkap di balairung,
gajah dan kuda,
lengkap dengan prabu menteri;
tak ubahnya bagaikan bukit.

334. Tahil Jowarsah
menghadap raja
bersama istrinya.
Sudah sampai di hadapan raja,
semua berjongkok segera,
menyembah dengan hormat.
Sri Bupati berkata halus,
"Nah anakku sayang,
marilah semua duduk!
apa keperluan anakda?"
Menjawab
sang putra,
segera duduk,
"Hamba pamit sri baginda.

335. Hamba akan menjenguknya
sekarang,
si Kakang Prabu
Raja Sahalsah,
sangat parah sakitnya,

matur sarwi nembah,
singgih sanawulun,
pun nakoda lagi prapta,
hasung warta,
nenggih hudanin nerpati,
grahipun sri Narendra.

333. Yen mangkono cawisna hagliis,
dina besuk,
hapan harsaningwang,
datengi Sahalsah reke,
harap hatilikna tengsun,
sira patih hanula glis,
hamepek punang bala,
bendene tinabuh,
wus pepeking panangkilan,
gajah, jaran,
pepek prabu manca mantri,
tan pendah wuwukiran.

334. Tahil Jowarsah
marek sang haji,
lawan rahi,
prapta hing sang nata,
sami medeking arsane,
hanembah tana santun,
Sri Bupati ngandika haris,
lah nyawa hanakingwang,
daweg samya lungguh,
punapa lang den sadiah,
hanawuri,
kang putra
mangke linggya haris,
kula pamit sang nata.

335. Yan hamba haniliki
mangkin,
kakang prabu,
Raja Sahalsah,
puniku langkung sakite,

mau meninggalkan kedaton,
tak bisa tidur dan makan,
mau mingat,
begitulah maunya,
itulah sebab hamba pamit,
Sri baginda,
nah pergilah engkau Nak,
tetapi janganlah lama-lama.

336. Bawalah olehmu istrimu,
dan semua,
harta benda ini,
semua isi istana,
benda-benda warisan,
kerabat dan para bupati,
juga menteri dan punggawa,
semua jangan ketinggalan,
sang raja berbicara di hati,
anakku ini,
dirinya turunan ningrat,
karena saudaranya seorang raja.

337. Lalu berpamitanlah Jowarsah,

kepada sang raja,
dan sang permaisuri.
Sang putri keduanya
menyembah,
permaisuri pun merangkul,
"Oh anakku inti jiwaku.
Sayangku, janganlah lama.
Tak kuasa ibu ini berpisah
dengan engkau.
Akan kosonglah
negerimu ini,
semua mau mengikutimu.

338. Belum kenyang aku melihat
kemolekanmu,
dan kecantikan kalian."

*harsa tilar kadatun,
datan kena turu lan bukti,
harsa tilar nagara,
reke kersanipun,
marga hamba pamit hing tuan,
Sri bupati,
ngandika lah lunga kaki,
poma sampun halawas.*

336. *Lah gawanen garwanireki,
lan sakwehe,
hiki raja brana,
sanisine pura kabeh,
hupacara kang hagung,
kula warga para bupati,
mwah mantri ponggawa,
kabeh haja kantun,
sang nata micareng nata,
putraningsun,
ragane trahing bupati,
pan dulure narendra.*

337. *Hamit nembah Jowarsah
tumulih,*

*hing sang nata,
mwah pramesswarya,
sang putri nembah kalihe,*

*prameswari hangrangkul,
putraningsun telenging hati,
gusti sampun halawas,
tan betah katengsun,
hapisah kalawan sira,
kari swung,
nagaranira puniki,
kabeh kinekep sira.*

338. *Durung tuwukhingsun ningali,
pkikira,
muwah hayunira,*

Sang putri menangis,
sayang akan ibunya.
Kemudian mereka keluar
istana.

Sampai di lapangan,
lalu mereka naik
joli emas bertiang sembilan.
Istrinya
mengendarai Jempana indah,
bertatahkan mutiara.

339. Segera mereka berangkat
melaju.

Para pembesar
mengiringkan sang raja,
semua mengendarai kuda.
Bersegera mereka berjalan
dan istri punggawa menteri,
sama naik jempana;

sebagian naik Joli usungan
beserta barang-barangnya.
Tak tertuturkan
tingkah mereka di jalan;
ada lagi yang di belakang.

340. Sebagian sama membawa istri.

Sepuluh lagi
meninggalkan istrinya,
namun banyak pesannya,
"Enam hari belum selesai."
Tersebut mereka yang di jalan,

sudah sebulan berjalan
sudah sampai di tepi desa;
di tepi tapal batas,
di negeri Sahalsah
laju perjalanannya,
tembang pangkur di belakang.

*sang putri hanangis reke,
kangening ibunipun,
nulya metu hing
jaba sami,
prapta hing pagelaran,
hanitih sampun,
tiang sanga sama hemas,
pipingitan,
hanitih tirata hadi,
rinenggahing mutiara.*

339. *Sigrah mangkat lampaha
lumaris,*

*para mantri,
hangiring sang nata,
sanya nunggang kuda kabeh,
lumaris lampahipun,
lan rabining ponggawa
mantri,
sami nitih Jempana,
weneh joli tanduk,
hadulur punang rerebat,
tan kawarna,
polaha kang haneng margi,
weneh kang haneng huntat.*

340. *Kang saweneh pada gawa rabi,*

*kang saweneh,
rabine den tilar,
hanging hakeh wewekase,
nem dina durung tutug,
kang kocapa kang haneng
margi,
wusan lengkap sawulan,
wus prapta hinga dusun,
tepi siring padedesan,
hing Sahalsah,
lumaris lampahi reki,
pungkurana hing nguntat.*

Pangkur

341. Tak terkisahkan perjalanannya,
sudah sampai di
negeri Sahalsah;
sudah masuk di kota,
gempar orang di negeri.
Sudah dilapor kedatangan
sang raja,
sang raja dipersilahkan meng-
hadap lengkap seluruh bupati.
342. Sang raja pun berkata,
"Siapkan semua para
menteri,
pongawa lima puluh keluar.
Tiba di hadapan baginda,
prabu anom
memerintahakan,
"Laporkan kepada sang raja,
aku akan menemuinya."
343. Para menteri menyembah,
bubar, lalu setelah
tiba ,
segera melapor kepada prabu.
Raja Sahalsah berucap,
"Puji syukurku
kepada Tuhan
karena telah datang
saudaraku
menjenguk aku di sini."
344. Sang raja berkata lagi,
"nah, sambutilah sekarang.
Adikku,
sudah dipersilahkan masuk."
Sudah sampai di balairung,
dipersilahkan duduk di
singgasana.

Pangkur

341. *Tan kawarnaha lampahira,
sampun prapta hing
Sahalsah negari,
malebeting kita sampun,
geger wong sanagara,
sampun katur mangke da-
tenging sang prabu,
sang nata daweg sineba,
pepek sakwehing bupati.*
342. *Sang nata mangke ngandika,
pariksanen sakwehing para
mantri,
pongawa seket kang metu,
prapteng hayun sang nata,
prabu anom ngandika ning
mantri sampun,
matura sireng sang nata,
yen hingsun karsa nyunjungsi.*
343. *mantri samya pada nembah,
samya bubar prapta harsaneng
nerpati,
haglis katur ring sang prabu,
raja Sahalsah hanabda,
lintang sukur hingsunmangke
hing Hyang agung,
dening prabu sanaking
ngwang,
hanglawati maring kami.*
344. *Sang nata malih ngandika,
lah papagen henggal mangkesi
hadi,
sampuni ngaturang rawuh,
wus prapteng panangkilan,
hingaturang mangke maring
siti luhur,*

- Sang raja melihat,
adiknya menundukkan muka.
345. Malah remuk perasaan mereka
sebab lama bingung
memandang.
Keduanya tak mampu berkata,
tersadar lalu berkata,
"Segala puji
bagi Allah."
Lalu dipersilahkan duduk di
kursi,
"Adikku tak kusangka bisa
bertemu.
346. Betapa lamanya kau
tinggalkan.
Tak tahan Kakak berpisah,

tak bisa makan dan tidur,
selalu sedih dan rindu."
Lalu menyembah adiknya,
"Wahai Kanda,
hamba mohon
maaf darimu."
347. Kedua istrinya menyembah,
kepada sang raja
yang berucap,
"Adikku, istrimukah
keduanya ini?
"Benar Kanda, adik
Tuanku."
Sang nata halus berkata,
"Duh nyawa adikku."
348. Adik masuklah ke istana!
Bawalah kedua istrimu
duduklah di tahta kerajaan,
- sang nata reke tumingal,
sang rahi tungkul singgih.*
345. *Lah rempuh kang manahira,
pan suwe pada cengeng
ningali,
pan kalih tan kena muwus,
hemut tumulya ngandika,
sakalangkung yayi sukur hing
Hyang agung,
sinungaken palinggyan,

yayi nora nyana panggih.*
346. *Pira lawas sira tilar,

nora betah kakang hapisah
hiki,
tan kena mangan haturu,
tan sah brangta hangarang,
nulya nembah mangke kang
rahi puniku,
hinggih kakang kula neda,
pangampura handika singgih.*
347. *Garwane kalih hanembah,
hing sang nata mangke
hangandika haris,
heh yayi garwanireki,
kalih puniku hiya,
hiya kakang rahi handika
pukulun,
sang nata halus hanabda,
haduh nyawa hari mami.*
348. *Yayi malebu hing pura,
lawan garwanira baktanen
kalih,
linggya sireng kadatun,*

- di negeri Sahalsah.
 Aku akan pergi
 ke pertapaan,
 kuserahkan negara ini padamu.
 Engkau menjadi raja.
349. Hai patih, buka olehmu
 empat gudang;
 sedekahkan agar rata semua,
 fakir-miskin itu.
 Berikan dana
 raja tiba,
 gudang sudah dibuka,
 sang patih sudah membagi.
350. Si adik menjadi raja
 di Sahalsah,
 setahun lamanya.
 Subur serba ditanam,
 murah apa dibeli
 karena sangat
 adil bijaksana;
 tak ada penjahat membegal,
 serba cukup negaranya.
351. Kita tinggalkan kisahnya
 di Sahalsah.
 Tersebut pula
 sang prabu negeri Burhan,
 si brahmana menjadi raja
 menggantikan adiknya yang
 mati
 dan kakaknya yang dibunuh
 oleh Jowarsah dahulu.
352. Brahmana ratu perkasa
 ditakuti seluruh para ratu,
 ditaati semua perintahnya,
 ditakuti rakyatnya,
 diberi julukan
 Raja Mardewa,
- hing nagareng Sahalsah,
 hingsun yayi lengser lunga
 dudukuh,
 sun srah nagara hing sira,
 sira yayi jumngeng aji.*
349. *Heh patih bukanen henggal,
 gedong papat sidekahna teki,
 denya rata kebeh hiku,
 pekir miskin punika,
 den wehna pracinaning
 ratu rawuh,
 kang gedong sampun binuka,
 hapatih sampun paparing.*
350. *Kang rahi jumngeng nata,
 hing Sahalsah
 satahun lamineki,
 dadi kang sarwa tinandur,
 murah sarwa tinumbas,
 pan kalangkung hadil
 palamarta luhung,
 tan hana gutil hambegal,
 lewat kerta kang negari.*
351. *Hnengakena saksana,
 hing Sahalsah
 hana kocap malih,
 negareng Burhan sang prabu,
 brahmana ngadek raja,
 hanggenteni narine kang mati
 dangu,
 mwah kakange kang pejah,
 denira Jowarsah huni.*
352. *Brahmana ratu perkasa,
 kinajrihan sakwehe para haji,
 kedep saparentah hipun,
 kinajrihaning bala,
 haja juluk
 Raja Mardewa puniku,*

- sudah lama naik tahta.
Sekarang mendengar berita
353. Yang telah membunuh kakaknya dan juga adiknya, satu pembunuhnya itu. Namanya Tahil Jowarsah, saudara Raja Jowarsah.
- Raja Mardewa marah, mukanya seperti mengeluarkan api.
354. Pagi-pagi, sang raja berapat, lengkap semua menteri bupati, punggawa, dan para ratu; duduk di hadapannya. Sri Mardewa berkata lantang, kepada seluruh para raja, diperintahkan siapkan panah,
355. "Hai semua ratu, siapkan senjata kalian!
- Besok aku akan menyerang, negeri Sahalsah, menyerang si Jowarsah.
- Dosanya membunuh saudaraku, aku menuntut balas.
356. Segera menabuh gendang perang!
Ratu taklukan beserta prajuritnya keluar bagaikan klaron. Senjata tujuh puluh ribu,
- halama jumneng nata,
mangke hamiarsa werti.*
353. *Hikang hamateni hika,
hikang raka muwah reke
hikang rahi,
tunggal hamateni hiku,
harane Tahil Jowarsah,
sadulure Raja Jowarsah
puniku,
raja Mardewa brahmantyan,
wadana twir metu geni.*
354. *Henjang sang nata sineba,
pepek kabeh mantri
para bupati,
pongawa lan para ratu,
gelar haneng hayuman,
Sri bupati Mardewa ngandika
hasruh,
hing sakwehing para nata,
kinen ta cawis jemparing.*
355. *Heh sakehe para nata,
lah cawis sagagaman
sanjateki,
hing benjang sun hanglurug,
nagara hing Sahasah,
hanglurugi maring Jowarsah
puniku,
dosane hamatenana,
sanak hingsun hamalesi.*
356. *Sigrah hanabuh tengeran,
ratu siyu pepek
sanalaneki,
mdal twir pendah susulung,
gagaman pitung laksa,*

seperti gemuruh suara
 prajurit.
 Bersap-sap si prajurit
 memenuhi padang belantara.

357. Arkian hari pun malam.
 Semua membuat perkemahan,

lalu makanlah sang prabu.
 Semalaman berpesta-pora,
 makan dan minum
 berlimpah,
 tak putusnja saji-sajian,
 hadir semua besar kecil.

358. Berlimpah saji makanan,
 lalu bersantaplah
 para raja
 dengan para punggawa,
 juga para putranya,
 semalaman makan bersuka.

Hulubalang, para bekal,
 dan prajurit semua makan.

Durma

359. Tersebut pagi-pagi
 berangkat,
 mengendarai joli indah
 menjadi kendaraannya.
 Gemerincing suara gentanya
 ditatah permata merah,
 diberi bersayap,
 yang melihat ketakutan.

360. Gadingnya bersalut
 maula,
 belalainya besi purasani,
 gadingnya sedepa;

*lwir guludug swaraning bala
 lumaku,
 hambal hambalakang bala,
